



2018 PUBLIC MEETINGS & HEARINGS

Tjedi 31 Me 2018 a 1PM

Pratt Institute, 144 West 14th Street, Room 213, New York, NY 10011

AVI POU REYINYON PIBLIK

Komisyon Revizyon Manman-Lwa Vil la (Charter Revision Commission) pral òganize yon reyinyon piblik nan jou k ap Jedi 31 Me 2018. Komisyon an pral idantifye pwoblèm enpòtan yo piblik la endike ki ka garanti etid konplèmantè. Reyinyon an pral fèt a Pratt Institute, 144 West 14th Street, Room 213, New York, NY 10011. Reyinyon sa a lib pou piblik la. Paske reyinyon sa a se yon reyinyon piblik men pa yon odyans piblik, piblik la pral gen okazyon pou obsève diskisyon Komisyon an ap fè yo men piblik la p ap bay temwayaj devan Komisyon an.

Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou patisipe nan reyinyon an? Lokal la fasil pou antre pou moun ki sou chèz-woulant oswa lòt aparèy pou mobilite. Sistèm aparèy pou ede moun tandè ak entèprèt ASL ap disponib. Answit avèk avi davans lan, manm piblik la ka mande entèprèt lang. Tanpri fè demann entèpretasyon lang oswa lòt demann pou antre fasil nan lokal la anvan 5PM pa pi ta pase Vandredi 25 Me 2018 depi ou imèl Komisyon an nan requests@charter.nyc.gov oswa depi ou rele nimewo 212-386-5350.

Yon videyo retransmisyon reyinyon an andirèk ap disponib sou sitwèb nyc.gov/charter.

Lòt Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa Komisyon Revizyon Manman-Lwa NYC ye?

Vil New York gen yon Manman-Lwa ki prezante òganizasyon, pouvwa ak responsablite gouvènman vil nou an. Djòb Komisyon Revizyon Manman-Lwa a se pou revize Manman-Lwa Vil la epi konsidere si gen kèk fason pou amelyore li.

Èske mwen kapab fè konnen lide mwen yo sou fason pou chanje Manman-Lwa a?

kare-bare! Patisipasyon piblik la enpòtan anpil pou pwosesis la epi nou vle tandè vwa ou. Chak moun ap gen okazyon pou fè Komisyon an konnen lide yo sou fason pou amelyore Manman-Lwa a. Gen anpil fason pou fè konnen lide ou yo:

1. Komisyon an ap òganize odyans piblik yo nan chak minisipalite pandan mwa jiyè 2018. Ou kapab patisipe nan yon odyans epi bay temwayaj ou aloral ak/oswa alekri.
2. Ou pa vle rete tann jouk nan moman an? Ou kapab prezante kòmantè ou yo ba comments@charter.nyc.gov oswa sou entènèt nan sitwèb nyc.gov/charter.

Kisa mwen ta dwe di?

Komisyon Revizyon Manman-Lwa a vle tande fason pou amelyore operasyon ak efikasite gouvènman nou an. Nou enterese tou pou amelyore eleksyon Vil la epi pou fè li vin pi fasil pou piblik la vote ak patisipe nan lavi sivik. Nou swete ou pral anvizaje fè nou konnen sa ou panse sou fason nou kapab reyalize objektif sa yo ak nenpòt lòt lide ou genyen sou fason pou amelyore Manman-Lwa a.

Kouman yo pral itilize temwayaj mwen bay la?

Komisyon an pral revize tout temwayaj yo ak kòmantè Piblik yo avèk anpil atansyon pou idantifye chanjman posib yo nan Manman-Lwa a. Finalman, Yo kapab mete revizyon yo nan bilten pou piblik la vote nan mwa novanm 2018.

Li **Manman-Lwa Vil New York** la a: <https://bit.ly/2bJbUKu>

Swiv Komisyon an sou Twitter nan @NYCCharter oswa sou Facebook nan facebook.com/nyccharter